

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1. Kasang Tukang Masalah

Dina kahirupan sapopoé kaparigelan ngagunakeun bahasa mangrupa wujud prosés sosialisasi di masarakat. Cara-cara prosés sosialisasi nya éta mibanda kaparigelan nyarita jeung kaparigelan nulis. Kaparigelan nyarita jeung kaparigelan nulis di masarakat nu geus maju mangrupa prasarat pikeun unggal individu.

Kaparigelan nulis mangrupa salah sahiji aspek tina opat kaparigelan basa. Ari kaparigelan basa téh ngawengku kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Tina opat kaparigelan éta biasana teu kabeh kapimilik. Aya nu parigel dina nulis tapi teu parigel dina nyarita, kitu ogé sabalikna aya nu parigel dina nyarita tapi teu parigel dina nulis. Sabenerna, “Kaparigelan nulis lain ngan ukur keur golongan-golongan nu boga bakat nulis wungkul. Ngaliwatan latihan nu bener-bener unggal individu pasti boga kaparigelan nulis. Kaparigelan nulis nu dimaksud nya éta kaparigelan nulis sacara formal”(Akhadian, dkk, 1994: 2).

Nulis mangrupa salah sahiji kagiatan dina ngagunakeun basa anu produktif. Kaparigelan dina ngébréhkeun kahayang, tujuan, idé, atawa pamadegan nu diébréhkeun ka batur ngaliwatan media tinulis, sedengkeun fungsi pangajaran nulis di sakola éta pikeun ngabantu atawa ngalatih siswa dina ngébréhkeun kahayang, pamadegan, gagasan, tujuan, jeung hal-hal naon baé nu hayang

ditepikeun ka batur dina wangun tinulis. Ngaliwatan tulisan éta, guru bisa ngajén atawa ngukur tingkat kamampuh unggal siswa dina nulis hiji karangan.

Kaparigelan nulis nu aya dina pedoman KTSP mata palajaran Bahasa Daerah nya éta nulis éséy di kelas VIII semester 2. Nulis éséy mangrupa bahan pangajaran nu perlu ditepikeun ka siswa, sabab dina nulis éséy aya hiji prosés mikir kréatif siswa ngaliwatan salah sahiji media tinulis. Kagiatan nulis pangpangna nulis éséy, biasana ku siswa sok dianggap salaku pancén nu beurat. Ayana anggapan éta sabab kagiatan nulis merlukeun loba tanaga, waktu sarta konsénsrasi nu bener-bener. Salain ti éta kagiatan nulis merlukeun kaparigelan anu kadang-kadang dipimilik ku unggal siswa. Masalah nu sering muncul nyaéta kurangna kamampuh dina ngagunakeun jeung ngaruntuykeun bahasa atawa kekecapananana. Aya sababaraha kaparigelan nu kudu dipiboga sangkan individu éta bisa nulis éséy. Nya éta, kudu boga pangaweruh ngeunaan naon nu bakal ditulis jeung pangaweruh éta kudu aya pakaitna jeung eusi karangan, aspék-aspék kabahasaan, jeung téhnik panulisanana. Iwal ti éta, aya ogé hal-hal nu jadi hambatan dina nulis, di antarana baé:

- 1) hésé ngungkapkeun pamadegan atawa ide kana wangun tinulis;
- 2) kurangna bahan nu ditulis;
- 3) kurangna kaparigelan kabasaan nu dipiboga ku éta individu;
- 4) kurangna pangawerung ngeunaan kaédah-kaédah nulis; jeung
- 5) kurangna kasadaran kana pentingna nulis.

Ku sabab éta, geus jadi kawajiban keur guru pikeun milih métode jeung téhnik nu saluyu jeung variatif dina prosés pangajaran nulis di kelas pikeun

néangan solusi kana *hambatan* siswa dina nulis. Tarigan (1986: 23) nétélakeun yén kaparigelan nulis jeung maca mangrupa kaparigelan nu kompléks jeung hésé dibandingkeun kaparigelan nyarita jeung ngaregepkeun. Jadi dina kgiatan prosés diajar jeung ngajarna perlu dibawa kana prosés kgiatan sacara langsung.

Pikeun ngungkulan anggapan yén nulis éséy téh hésé jeung mangrupa pancén anu beurat, salah sahijina bisa ngagunakeun téhnik  $5W + 1H$ .  $5W + 1H$  nya éta singketan tina *What* (naon), *Who* (saha), *Where* (di mana), *When* (iraha), *Why* (kunaon) jeung *How* (kumaha), téhnik ieu biasana dipaké dina lingkungan jurnalistik jeung loba dipaké ku panulis warta dina alénia bubuka. Unsur-unsur ieu bisa dititénan tina jawaban kana genep pertanyaan pondok ngeunaan hal nu rék di pedar. Téhnik nu dihasilkeun nu mangrupa informasi dipiharep bisa jadi éfektif dina ngalatih nulis éséy.

Ku kituna, panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis éséy ngagunakeun téhnik  $5W + 1H$  kudu dilakukeun, pikeun ngajonjatkeun minat nulis hususna dina nulis éséy barudak sakola.

## 1.2. Watesan Masalah

Sangkan leuwih écés tur sistematis panalungtikan ieu téh diwatesanan saperti ieu di handap.

- 1) Unsur basa dina nulis éséy, aspék nu rék ditalungtik nya éta
  - a. pilihan kecap.
  - b. ejahan.

- 2) Unsur eusi ésey, aspék nu rék ditalungtik nya éta
  - a. patalina eusi jeung judul.
  - b. mekarkeun eusi.
- 3) Unsur téhnik ésey, aspék nu rék ditalungtik nya éta
  - a. susunan ésey.
  - b. Paragrap.
- 4) Unsur nulis ésey ngagunakeun téhnik 5W + 1H.

### **1.3. Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan baris dirumuskeun dina wangun pertanyaan saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh make kecap jeung ejahan dina nulis ésey siswa kelas VIII SMP Negeri 15 Bandung?
- 2) Kumaha kamampuh medar eusi ésey siswa kelas VIII SMP Negeri 15 Bandung?
- 3) Kumaha kamampuh siswa make téhnik nulis dina nyieun ésey?
- 4) Kumaha kamampuh nulis ésey ngagunakeun téhnik 5W +1H?

### **1.4. Tujuan Panalungtikan**

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsiikeun:

- 1) kamampuh make basa nu bener dina nulis ésey siswa kelas VIII SMP Negeri 15 Bandung;
- 2) kamampuh medar eusi ésey siswa kelas VIII SMP Negeri 15 Bandung;

- 3) kamampuh siswa make téhnik nulis dina nyieun éséy ; jeung
- 4) kamampuh nulis éséy ngagunakeun téhnik 5W + 1H.

### **1.5. Manpaat Panalungtikan**

Mangpaat ieu panalungtikan sacara tioritis nya éta bisa ngamekarkeun élmu pangaweruh dina pangajaran nulis éséy. Mangpaat sacara praktis dina ieu panalungtikan téh nya éta:

- 1). ngajembaran pangaweruh utamana dina nulis éséy;
- 2). latihan keur siswa dina nulis éséy;
- 3). ngamotivasi ka siswa sangkan resep tur parigel dina nulis éséy; jeung
- 4). méré gambaran ka guru dina nangtukeun téhnik pangajaran nu luyu jeung bahan pangajaran nulis.

### **1.6. Wangena Operasional**

Di handap ieu mangrupa harti tina istilah-istilah patali jeung judul nu dipaké dina ieu panalungtikan.

- 1) Kamampuh nya éta kabisa anu jolna tina diri sorangan kana hiji hal. Kamampuh dina ieu panalungtikan nya éta nu patalina jeung kaparigelan nulis.
- 2) Nulis nya éta kamampuh ngagunakeun pola-pola basa dina wangun tinulis pikeun ngébréhkeun gagasan, kahayang, jeung pamaksudan.
- 3) Ésey nya éta karangan pondok dina wangun lancaran anu medar hiji pasualan.

- 4) Téhnik 5W +1H nya éta téhnik pangajaran anu mangrupa pertanyaan pondok (What, Who, When, Where, Why + How).

### **1.7. Anggapan Dasar**

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta saperti nu disebutkeun di handap.

- 1). Bahan pangajaran nulis kaasup kana opat kaparigelan makéna basa anu produktif.
- 2) Nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan basa nu penting.
- 3) Nulis éséy mangrupa salah sahiji materi poko anu aya dina kurikulum 2004 pikeun pangajaran kelas VIII.
- 4) Nulis éséy mangrupa latihan nu bisa méré kasemptetan pikeun ningkatkeun kaparigelan nulis siswa.
- 5) Kamampuan nulis siswa kudu ditingkatkeun jeung meunang latihan nu propésional jeung ngagunakeun téhnik nu variatif.
- 6) Téhnik 5W + 1H mangrupa konsép diajar nu bisa ngabantuan ngarinjatkeun jeung ngamekarkeun kaparigelan siswa nulis éséy.

### **1.8. Dasar Tiori**

Dasar tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan di antarana.

Éséy nya éta karangan pondok dina wangun lancaran pikeun ngadiskusikeun hiji pasualan tur dipidangkeunana teu sacara sistematis, sabab dina éséy pasualan nu dipedarna ngan ukur sabengbatan.

Téhnik 5W+1H nya éta masualkeun hiji topik pikeun nyieun hiji kacindekan kucara ngajawab genep pertanyaan pondok nu aya patalina jeung topik anu dipedar (Ahmadi, 1990: 63).

